



Chè Fanmi/Moun K Ap Bay Swen nan 8^{yèm} Ane,

Nou espere enfòmasyon sa rive jwenn ou menm ansanm ak fanmi w an bòn sante ni sou plan fizik ni sou plan emosyonèl.

Pandan ke ou menm ansanm ak pitit ou a(yo) ap apwoche fen 8yèm ane a epi nou antisipe kòmansman pakou lekòl segondè yo, nou ta renmen prezante nou depatman matematik la nan Cambridge Rindge and Latin School (CRLS). Depatman Matematik la ap fè efò pou l kenbe misyon distri a menm jan ak vizyon depatman matematik la epi pou l sèvi ak li pou l klarifye desizyon nou yo konsènan kou yo, pwogram etid la ak pedagoji.

Vizyon Depatman Matematik la:

Kreye yon seri kominote matematik ekitab ki pouse tout elèv yo chèche konprann matematik difisil, bay tout elèv aksè nan pwogram etid ki difisil la epi pèmèt elèv yo patisipe defason siyifikatif nan diskou sou matematik. (*Asosyasyon Nasyonal Pwofesè Matematik*)

Gen plizyè pakou yon elèv nan matematik CRLS kapab eksplòre ([pakou matematik CRLS ki posib](#)), kote yo tout kòmanse avèk Aljèb 1 an. Aljèb 1 se fondasyon pou tout klas matematik lekòl segondè pitit ou a. Pou rezon sa a, li enpòtan anpil pou elèv yo genyen konpetans ki vrèman solid nan Aljèb 1. Se rezon an tou ki fè ke 70% nan tout elèv k ap antre nan klas 9yèm ane yo jeneralman pran Aljèb 1 nan CRLS.

Pou ane k ap vini an, pral gen yon chanjman enpòtan ki byen entansyone pou aliye plasman matematik klas 9yèm ane a avèk eksperyans elèv ki nan klas 8yèm ane yo fè nan salklas CPS yo. Objektif nou se asire yon plasman elèv ki ekitab e favorab nan salklas matematik CRLS rigoure nou yo epi nou rekonèt ke nou toujou ap travay sou repèkasyon pandemi an. Se poutèt sa elèv k ap monte nan klas 9yèm ane yo pral jeneralman kòmanse pakou Matematik yo nan CRLS nan youn nan de domèn sa yo:

- **Aljèb 1** (Pandan tout ane)
- **Aljèb1 Onè** (Yon Semès)

Pwosesis plasman an nan youn nan domèn sa yo pral konplè, pandan ekip matematik Lekòl Siperyè a ap konplete rekòmandasyon kou yo avan fin mwa **Mas** la pou **Aljèb 1** an oswa **Aljèb 1 Onè** a. (*Tanpri konnen ke ekip sa pa pral rekòmande okenn elèv pou yo soti nan kou Aljèb 1 an. Se paske yo pa anseye Aljèb 1 an nan tout entegralite nan Lekòl Siperyè yo.*) Lè yo fini rekòmandasyon an, si yon fanmi ta renmen chanje plasman an, l ap gen pou l **founi evidans kote li te reyisi fini pwogram matematik la ki aliye avèk objektif ak eksperyans salklas CPS nou yo.**

Pwogram matematik yo kapab gen ladan yo:

- **Pwogram Cambridge pandan Ete CPS la** (*Yo rekòmande li paske li aliye avèk kou Aljèb 1 CRLS nou yo*)
- **Yon lòt pwogram pandan ete ki admisib** (*Li pa rekòmande*)

Opsyon sa mande pou w gen TOUT dokiman sipò ki vini annapre yo:

- Yon lèt rekòmandasyon pou Aljèb 1 onè ke w resevwa nan men ekip lekòl siperyè/presegondè a.
- Prèk kote w reyisi konplete pwogram nan ak/oswa yon lèt rekòmandasyon ou resevwa nan men yon responsab nan pwogram nan ki endike klèman ke elèv la montre li gen nivo konesans ki nesè a pou li sote kou yo mande a.
- Yon lis sijè ki kouvri yo (li dwe konparab ak kou CRLS la)

Tanpri, konnen ke opsyon pou plasman pou fanmi ak pou referans pèsònèl yo pa disponib ankò. Yo te kreye opsyon sa yo pa rapò ak pandemi an, epi n ap travay pou n rive priyòrizasyon matematik ankò nan salklas matematik CPS nou yo.

Pou ane lekòl 2024-2025 la, nan ra ka kote yo jije elèv ou a elijib pou l soti nan Aljèb 1 Onè a, li pral enskri nan Aljèb 2 Onè a, epi annapre, l ap enskri nan Jeyometri Onè a nan klas 10yèm ane a.

Pou kòmanse demann sa a, tanpri:

- Konekte w sou kont CPS ou a
- Ranpli [fòmilè sa a](#)

Aprè yo fin revize demann lan ak dokiman sipò yo, dwayen an, konseye pedagogik la oswa yon pwofesè matematik ka kontakte elèv la ak/oswa fanmi an pou ba yo plis enfòmasyon. Elèv ke yo jije ki pare pou soti yo pral resevwa notifikasyon swa pa imèl, telefòn, oswa yon chanjman orè dirèk.

Mèsi pou sipò ou. Nou espere wè pitit ou a reyisi karyè li nan matematik pandan tan li nan CRLS la.

*Tanpri konnen ke plasman an fèt sou kondisyon, sou baz disponiblite.

**Si yo apwouve li, y ap mande fè yon dyagnostik pou elèv la pou yo kapab rive idantifye tout sipò li bezwen ak pou bay sipò sa yo

***Elèv yo ap sèlman gen otorizasyon pou yo soti nan yon sèl klas pandan ane lekòl 2024-2025 la.

Avèk Respè,

Siobahn Mulligan

Josh Marden

Siobahn Mulligan

Direktè Matematik

Lekòl Piblik Cambridge yo

135 Berkshire Street, Cambridge, MA 02141

smulligan@cpsd.us

Josh Marden

Dwayen Pwovizwa Pwogram Matematik

Cambridge Rindge & Latin High School

459 Broadway, Cambridge, MA 02138

jmarden@cpsd.us